



Pou Piblikasyon Imedya: 23/05/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO METE MTA NAN DEFI POU MODÈNIZE SISTÈM TREN AN AK LANSMAN “KONKOU JENI SIKILASYON MTA (THE MTA GENIUS TRANSIT CHALLENGE)”**

*Panèl Enjenyè, Ekspè Teknoloji ak Lidè Refleksyon Klas Mondyal yo Pral Debat sou Pwosesis la*

*Patisipan yo gen Defi pou Devlope Estrateji Teknoloji ki Inovon pou Ogmante Kantite Tren nan Lè de Pwent yo epi Diminye Reta yo*

Gouvènè Andrew M. Cuomo mete MTA nan defi pou lanse “Konkou Jeni Sikilasyon MTA” a, yon konpetisyon entènasyonal k ap chèche solisyon inovon pou ogmante kapasite a epi amelyore fyabilite sèvis tren Vil New York la. Pandan yon konferans nan fen mwa jwen an, tout patisipan nan konpetisyon an ap bay nòt konplè sou sistèm sikilasyon an e y ap gen pou relve defi pou jwenn solisyon ki ka mete an plas ak vitès epi efikasite. Konpetitè yo ap prezante solisyon aktyèl ak meyè pratik, avèk pwoblèm yo. Yon panèl espesyalis nan teknoloji ak transpò pral evalye konpetisyon an epi yo pral akòde yon prim “Genius” (Jeni) 1 milyon dola pou meyè ide nan twa kategori yo.

**Gouvènè Cuomo te deklare:** “Se pa yon sekre ke sistèm tren Vil New York la gen bezwen modènizasyon ak reparasyon ijan, pa sèlman pou sekirite pasaje ak vizitè nan tout rejyon metwopolitèn nan, men pou reponn a demann vwayajè yo pandan kantite pasaje yo kontinye ap ogmante. Ak lansman Konkou Jeni Sikilasyon MTA sa, n ap atire kèk nan lespri ki pi briyan atravè mond lan nan Empire State la pou ede enspire ide pwogresis, inovon k ap inogire nouvo epòk nan transpò piblik pou New York ki asire sekirite ak efisyans vwayajè jodi a ak demen.”

Gouvènè Cuomo ap ankouraje MTA pou re-imagine solisyon pou pwoblèm sistèm nan sistèm tren an, tout vize pou ogmante kantite tren pa è nan peryòd de pwent yo pou soulaje ankonbreman epi pèmèt gen plis sèvis fyab ak mwens reta. Ide yo dwe amelyore fyabilite flòt tren an lè l jwenn tren ki pi rapid oubyen renove flòt ki la deja a pou amelyore fyabilite, epi diminye reta yo. Konpetisyon sa ap chèche eksplwate kapasite inovasyon ekspè ekstèn k ap fè ekip ansanm pou konbine nouvo pèspektiv, kapasite ak konpreyansyon teknolojik ki separe totalman ak travay k ap fèt kounye a.

“Konkou Jeni Sikilasyon MTA a” ap atire enjenyè, ekspè tekik nan tout sektè, ak lidè biznis ki soti nan mond entèn transpò a oubyen ekstèn. Konpetisyon an ap pote ide pwogresis ki soti nan lidè ki reflechi nan divès sektè pou asire ke tout konsèp ak solisyon yo evalye epi eksplòre.

Y ap evalye sila k ap patisipe yo nan twa domèn presi:

- Pou abòde pwoblèm sistèm siyalizasyon ansyen an nan yon fason ki pi rapid epi pi efisyen pou pèmèt MTA a ogmante kantite tren pa è pandan lè de pwent yo;
- Pou abòde pwoblèm sistèm tren ansyen yo. Estrateji yo ka enkli renovasyon flòt tren metwo aktyèl la, mizajou sistèm ki la deja yo, pi bon pwogram/pwotokòl menmans, ak livrezon nouvo tren ki pi rapid; ak
- Pou konsevwa teknoloji kominikasyon pou koneksyon selilè ak WIFI ki ka enstale nan tout sistèm tren an ki enkli tinèl yo.

Eta a ap bay yon prim “Jeni” 1 milyon dola pou meye ide yo nan touletwa kategori yo e MTA gen pwobabilite pou fè kontra ak sistèm sa yo.

Panèl ekspè a ap evalye konpetisyon an epi ede gide patisipan yo ki enkli enjenyè, lidè refleksyon ak ekspè ki devlope ekspètiz enpòtan nan teknoloji san fil, fabrikasyon, biznis ak operasyon chemendfè. Reprezntan ki soti nan Vil New York ak rejyon avwazinan yo ap patisipe nan evalyasyon konpetisyon an tou.

Panelis Konkou Jeni Sikilasyon MTA a ap genyen ladan l:

- **Sarah Feinberg, Ansyen Administratè, Administrasyon Chemendfè Federal la (Federal Railroad Administration):** Madam Feinberg te dirije Administrasyon Chemendfè Federal la soti janvye 2015 rive janvye 2017. Li te sèvi anvan antanke Chèf Pèsonèl Sekretè Transpò Etazini, Anthony Foxx, ki t ap jere dis òganizasyon modal DOT a, epi dirije efò lejislatif, politik ak kominikasyon li yo. Anvan sèvis li nan USDOT (US Department of Transportation), Madam Feinberg te sèvi nan Mezon Blanch, nan Capitol Hill, e li te travay nan sektè teknoloji a.
- **Daniel Huttenlocher, Dwayen e Vis Pwovos Cornell Tech:** Mesye Huttenlocher se Dwayen Fondatè ak Vis Pwovos Cornell Tech, kote li gen responsablite jeneral nouvo kanpis la, ki enkli kalite akademik ak direksyon pwogram diplòm ak rechèch kanpis la. L ap sèvi aktyèlman nan Konsèy Direksyon Amazon, Inc., Corning, Inc. ansanm ak John D. and Catherine T. MacArthur Foundation.
- **Charles Phillips, PDG, Infor; Ansyen Ko-Prezidan ak Direktè Oracle:** Mesye Phillips se PDG konpayi enpòtan ki baze nan Eta NY, Infor. Anvan Infor, Mesye Phillips te Prezidan Oracle Corporation, e yon manm nan Konsèy Direksyon li. Monsye Phillips te sèvi antanke Direktè Manadjè nan Technology Group nan Morgan Stanley.
- **Kristina Johnson, Dwayen elu nan SUNY:** Doktè Kristina M. Johnson se 13<sup>yèm</sup> Dwayen SUNY, pi gwo sistèm edikasyon siperyè piblik, konplè nan peyi Etazini. Doktè Johnson se yon envantè e yon antreprenè ki genyen 118 patant Ameriken ak entènasyonal.
- **Greg Brown, PDG Motorola Solutions:** Mesye Brown se Prezidan Direktè Jeneral Motorola Solutions, kote li te direje konpayi an pandan yon deseni. Li sèvi antanke prezidan Konsèy Direksyon Inivèsite Rutgers, prezidan Skills for

Chicagoland's Future ak prezidan komite sou Refòm Imigrasyon Tablewond Biznis lan (Committee on Immigration Reform of the Business Roundtable).

- **Nick Grossman, Manadjè Jeneral Union Square Ventures (USV):** Mesye Grossman se Manadjè Jeneral Union Square Ventures, kote li eksplòre nouvo investisman, travay ak pòtfèy konpayi USV yo sou pwoblèm konfyans, garanti ak sekirite, epi dirije efò USV yo sou politik, règleman piblik ak pwoblèm sivik yo. Anvan sa, li te dirije yon enkibatè pou jèn konpayi nan entèseksyon vil yo ak done nan OpenPlans yo. Nick gen yon lisans nan Etid Iben nan Inivèsite Stanford.
- **Eliot Horowitz, Ko-fondatè e Direktè Teknoloji (Chief Technology Officer, CTO) MongoDB:** Mesye Horowitz se CTO e Ko-Fondatè MongoDB. Li te ekri kod prensipal MongoDB apati 2007, epi apre li te konstwi ekip enjenyeri ak pwodwi yo. Anvan MongoDB, li te ko-fonde epi konstwi ShopWiki, yon motè rechèch detay anliy inovan.
- **Balaji Prabhakar, Pwofesè Ejenyeri Elektrik ak Syans Enfòmatrik Inivèsite Stanford:** Mesye Prabhakar se yon pwofesè nan depatman enjenyeri elektrik ak syans enfòmatrik nan Inivèsite Stanford, kote rechèch yo konsantre sou konsepsyon, analiz ak mizanplas rezo done; ni avèk fil ni san fil. Li te dirije devlopman nòm endistri yo pou jesyon konjesyon rezo enfòmatrik la, epi sèvi nan Konsèy Konsiltatif Inisyativ Mobilite Iben Fiti (Future Urban Mobility Initiative) nan Fowòm Ekonomik Mondyal la (World Economic Forum).

**Ronnie Hakim, Direktè Egzekitif pa Enterim MTA, te deklare:** “Li pa akseptab ankò jan bagay la ye la, e mesaj ki soti nan itilizatè nou yo klè – itilize tout zouti ki disponib pou nou rann sèvis tren an pi bon. Se yon konpetisyon k ap pote pi bon lespri ak sa ki pi briyan yo nan teknoloji ki soti toupatou nan lemonn pou travay pou Nouyokè yo pou amelyore fyabilite sistèm sikilasyon nou an. MTA angaje pou livre solisyon ki reyalizab, entelijan, inovan akoutèm pou rezoud pwoblèm ki enfekte nou pandan plizyè deseni.”

### **Konkou Jeni Sikilasyon MTA**

Sistèm Tren Vil New York la jere 1,070 km pis, 24 liy epi li fonksyone 24 è sou 24, 7 jou sou 7, e 365 jou nan ane a. Demann pou sèvis yo rive nan nivo istorik ak depasman 6 milyon moun pa jou. Sikilasyon Vil New York dwe renove pou akomode ak demann k ap grandi a e pou l kontinye motè ekonomik vil, eta ak rejyon an.

### **Amelyore Sistèm Siyalizasyon Rezo Tren Vil New York**

Sistèm siyalizasyon blòk fiks ki la deja a, te fèt depi yon syèk pase e kounye a li egzije reparasyon souvan e l ap vin de mwenzanmwèn fyab. Plan Kapital aktyèl 29.5 milya dola MTA a genyen ladan l plis pase 2.75 milya dola pou siyalizasyon, ak plis pase 1 milya dola pou enstalasyon Kontwòl Kominikasyon An Rezo. Lòt Investisman nan siyalizasyon yo enkli anviwon 850 milyon dola pou modènize sis siyalizasyon entèvwouyaj ak 250 milyon dola mizajou siyal konvansyonèl yo.

Amelyorasyon siyalizasyon an fèt pou ogmante kantite tren nan lè de pwent yo. Konpetisyon sa ap chèche akselere mizanplas solisyon sa yo pou pote pi bon sèvis siyalizasyon e ki pi fyab pou sistèm nan ka pi rapid.

### **Pote Pi Bon Tren Metwo nan Sistèm nan**

Pòt tren metwo yo ouvè epi fèmen prèske 7 milyon fwa pa jou – e pòt yo se koz prensipal pann nan tren yo. Aktyèlman, tan ki pi rapid yon nouvo tren ka konstwi se twa zan. MTA ap akselere livrezon 300 nouvo tren metwo R179 ak premye arivaj la nan sezon otòn 2017, e livrezon an k ap fini vè septanm 2018. Anplis, Sikilasyon Vil New York ap akselere ak livrezon 450 nouvo tren R211.

Pwojè renovasyon tren yo ap chèche estrateji pou jwenn plis nouvo tren metwo ki pi rapid, oubyen tren ki la deja ki renove pou ogmante fyabilite, evite pann epi diminye reta yo.

Sa pa gen lontan MTA te anonse plan sis pwen k ap atake pwoblèm ki lakoz pètibasyon nan sèvis la ak deranjman pou pasaje yo – ki enkli pòt kole, sistèm kontwòl prensipal ak chofaj ak klimatizasyon. Sistèm tranzit la bezwen yon apwoch dyagnostik ki akse sou done, ki pi konplè pou pèmèt gen previzyon mentnans olyen gen mentans korektif.

### **Ogmante Konektivite Kominikasyon nan Tinèl Metwo yo**

MTA te reyisi livre koneksyon selilè ak Wi-Fi nan chak estasyon nan sistèm nan, nan fen ane pase a. Men, konektivite nan tinèl metwo a toujou pa disponib. Tinèl metwo yo kwense, ki prezante defi pou fè kab ak lòt ekipman Wi-Fi yo fonksyone. Estrateji nòm sektè a ta egzije fèmen sèvis tren an konplètman pou enstale Wi-Fi nan tinèl yo.

Devlopman yon plan altènatif se preyokipasyon prensipal Konkou sa. Pou plis enfòmasyon sou fason pou patisipe, vizite [www.ny.gov/MTAGeniusTransitChallenge](http://www.ny.gov/MTAGeniusTransitChallenge).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418